

# Pawòl Ko-Editè yo

Kerline Joseph ak Adeline Magloire Chancy

---

*Kòm Gwoup aksyon ak refleksyon pou Ayiti tou nèfla (GRAHN) pran angajman pou li pase alaksyon, fòk kanmenm, li ta abòde kondisyon lavi fanm yo. Anfèt, depi nan premye nimewo revyi li a, *Haïti Perspectives* (Vol. 1 n° 1), li te montre koze fanm yo entere li. Lide sa a te parèt nan yon atik *Maude Comeau-Toussaint* te ekri, kote li te analize sitiyoasyon fanm yo nan kad devlopman apre tranbleman tè a epi li te montre travay fanm yo kab fè pandan rekonstriksyon an. Anfen, nimewo revyi sa a, se yon nimewo espesyal sou pwoblèm fanm yo.*

Demann nou te fè pou atik yo te gen anpil siksè. Nou te jwenn atik ki soti anndan peyi a kou nan peyi etranje, kote ki gen anpil refleksyon an pwofondè avèk anpil lidè pou rechèch epi aksyon.

Nan atik li a, « *Réponse institutionnelle aux obligations créées par les conventions internationales* » **Adeline Magloire Chancy**, pandan li ap bay repons li sou fason Leta ayisyen reyaji devan reponsablite li apati konvansyon entènasyonal yo, pwofite fè tout moun sonje, Konvansyon pou eliminasyon tout kalite diskriminasyon kont fanm (CEDEFan franse) kreye nonsèlman mwayen konseptyèl pou bon ajisman yo, men tou li sèvi kòm gid pou tout Leta, ki ratifye yo epi ki dwe aplike yo nan peyi yo. Alaverite, lè nou konsidere tout sa ki ekri nan tèks orijinal konvansyon an tankou nan rekòmandasyon jeneral ki akonpaye li epi ba li fòs, konvansyon sa a se yon veritab plan pou politik sou egalite ant fanm ak gason.

Atik **Kerline Joseph** ak **Mélissa Roussel** la, ki rele « *La sécurité des femmes haïtiennes, une préoccupation à intégrer dans les pratiques du pays* », se yon atik ki ap defini nosyon sekirite ak frajilite. Leta la pou li mete sou pye prensip pou sekirite epi dimininye frajilite fanm yo. Moun ki ekri atik sa a montre divès fason pou sa rive fèt. Yo siyale danje ki genyen nan chita ap gade sou rezilyans fanm yo epi yo bay prigad. Nan sosyete nou an, yo toujou ap sèvi ak lidè rezilyans lan pou yo idantifye konpòtman fanm yo, dapre otè atik la, sa kab « gen efè yon kouto de bò ». Kòm pwoblèm fanm yo se yon pwoblèm mondyal, gen anpil dokiman ak modèl yo eksperimante nan lòt peyi ki pote agimantasyon sou fason pou garanti sekirite fanm yo. Otè atik la mansyone tou Plan nasyonal lit kont vyolans sou fanm yo. Premye faz plan sa a ( 2005 – 2011) te genyen yon evalyasyon ak tout moun ki te konsène yo pandan pwosesis la te rive nan mwatye wout. Dezyèm faz plan sa a ( 2012 2016) ap fèt kounye la a.

Depi tout tan, epi menm jounen jodi a nan sosyete modèn yo, absans oubyen prezans limite fanm yo nan espas politik ak nan pòs direksyon Leta toujou rete tankou yon gwo prèv pou montre inegalite ant fanm ak gason. Genyen de atik nan

nimewo sa a ki pale sou pwoblèm absans fanm yo sou sèn politik Ayiti a. Poutan, prensip kota pou 30 % fanm lan te aksepte nan amandman Konstitisyon 1987 la. Atik sa yo, se atik Myrlande Pierre la ak atik Sabine Manigat a. Genyen kèk sektè nan Leta ak nan òganizasyon sosyete sivil la ki te mete ansanm pou yo te pote nan Konsèy elektoral la plizyè pwopozisyon ki kab antre nan lwa elektoral la yon fason pou aplike prensip kota a.

Atik **Myrlande Pierre**, « *La représentation paritaire dans la conduite des affaires publiques en Haïti: Un objectif démocratique à atteindre* » chita sou antrevi ki fèt an Ayiti avèk fanm konpetan ki te gen pòs gouvènans epi ki bò kote pa yo te reflechi sou plas fanm yo nan jesyon afè piblik. Anndan atik sa a genyen yon analiz kalitatif, ki montre aklè fason « modèl politik anplas la, ki fèt sou valè ak nòm, ki an rapò ak gason, kite mak yo an pwofondè nan kilti politik Ayiti a ». Otè tèks la, ki se yon fanm, abòde tout lidè ak mwayen peyi a dwe mete an plas pou favorize patisipasyon fanm yo. Pou li fini, li parèt ak yon seri rekòmandasyon pou konsidere pwoblèm lan ak tout sa ki mache ak li an antye.

Nan « *Participation politique des femmes: Qu'est-ce qu'on gagne?* », kesyon Sabine Manigat poze a ap mande pou genyen yon refleksyon an pwofondè. Fi sa a, ki se otè atik la, analize divès faktè ki kab enflyanse patisipasyon fanm yo nan politik, ki kalite aksyon espesyal ki dwe fèt pou pèmèt fanm yo rantre sou teren politik la, epi kesyon ki atire atansyon li prensipalman, se: èske fanm yo fè politik nan yon lòt fason? Tèks li a ki byen dokimante, fèt apati referans nasyonal epi entènasyonal, epitou li ekzamine politik piblik yo an pwofondè.

Évelyne Trouillot Ménard, ki se pwofesè nan Inivèsite Leta Ayiti a, parèt ak atik sa a: « *Éducation en Haïti: inégalités économiques et sociales et question de genre. La femme dans l'enseignement supérieur* », kote li demontre enkyetid li devan enstabilite prezans fanm yo nan ansèyman siperyè a. Pandan li ap abòde pwoblèm prezans fi yo, ki tou piti, nan nivo inivèsite sou plan diferans sosyal ak ekonomik, li pwofite pou li demontre se yon sitiyoasyon ki konplèks. Li di: « Se eksklizyon kèk kategori sosyal, se toujou predominans moun lavil sou moun andeyò epi se majinalizasyon fi yo anndan evantay sosyo-ekonomik sa yo. » Sepandan, dapre fi ki ekri atik sa a, absans kontinyèl estatistik tout moun ka wè nan nivo sistèm edikasyon siperyè a lakòz analiz li a limite.

Nan atik ki rele « *Cultural Impasse and Structural Change: How to Address Questions of Gender Equity for Haitian Women Across Societal Strata* », **Myriam J. A. Chancy** defini peryòd nou ap viv la tankou yon peryòd tranzisyon nan batay fanm ayisyen

yo. Apati sitiwayon vyolans ki fèt sou fanmepi neglijan pou pini koupab yo, li poze kesyon sou efikasite aksyon Leta yo ak fado prezans pisans entènasyonal yo. Apa sitiwayon aktyèl la, otè a ekzaminen divès nivo ki genyen nan sosyete a ansanm ak kontradiksyon klas yo, kote inegalite ant fi ak gason parèt akèl, yon fason pou li jwenn wout pou kite dèyè tout sa ki ta vle parèt tankou yon difikilte. Pou li rive analize pwoblèm yo pi byen epi pou li kab jwenn yon pwèn komen nan batay fanm yo pou legalite apati kontradiksyon sosyal yo epi faktè ki vrèman kiltirèl yo, li adapte konsèp entèseksyonalite feminis afro-ameriken yo itilize a, pou li pwopoze yon entèseksyonalite pou feminis ayisyen yo ki koresponn ak kondisyon lavi fanm Ayiti yo. Refleksyon espesyal sa a parèt ak yon apwòch orijinal pou debloke sitiwayon an.

Jan sa parèt sou plan sosyal la, yon moun kab konsidere vyolans gason yo fè sou fanm yo tankou yon reprezantasyon terib nan kondisyon lavi fanm yo. **Eunide Louis** prezante yon bilan divès efò ki fèt pou bloke vyolans ki fèt sou fanm yo epi parèt ak vizyon pou devni kalite lit sa a. Premye kalite atik Eunide Louis a, « *Violences faites aux femmes: enjeux et perspectives* », sèke li tabli epi defini lit kont tout kalite vyolans nan plan global lit fanm yo kont tout kalite diskriminasyon epi pou legalite. Alaverite, lavyolans se fòm diskriminasyon ki pi sovaj la. Li soti nan inegalite ant gason ak fanm. Anplis, atik la genyen bon jan enfòmasyon sou divès etap ki fèt, moun ki an kontak yo epi evennman enpòtan yo, atik la montre wòl Leta, inisyativ òganizasyon fanm yo ak entèvansyon ajans entènasyonal yo. Limyè atik la pote nan apwòch istorik li pèmèt yon moun konprann pi byen lavni lit la. Pou li fini, fi ki ekri atik la, etale divès difikilte ki bloke mouvman fanm lan epi ki kab anpeche li pote bon rezilta si yo pa abòde yo avèk konviksyon. Otè a te tou pwofite prezante kèk lide ki kab ede rezoud pwoblèm lan.

Atik **Nathalie Lamaute-Brisson**, « *Du recensement agricole aux relations de genre dans l'agriculture* » se yon repons klè an rapò ak kesyon ki te poze nan demann pou atik yo. Ekonomis lan fè wè nan resansman agrikòl 2008 – 2009 la te gen yon gwo difèrans parapò ak resansman agrikòl 1950 lan, paske faktè gason oubyen fi a se te yonn nan varyab yo. Nan atik lila, Nathalie Lamaute-Brisson konsidere tankou yon premye aksyon nan domèn lan, pandan li ap montre tout limit ki genyen nan rezilta

ki deja bibliye yo, parèt ak yon analiz an pwofondè nan domèn lagrikilti epi li montre potansyèl ki genyen nan resansman ki kab sèvi pou fè travay rechèch avanse, prensipalman lè se moman pou analize relasyon gason oubyen fi nan lagrikilti Ayiti.

**Any M. G. François**, bò kote pa li, nan chèche nouvo mwayen pou analize sitiwayon ekonomik fanm Ayiti yo, prezante rezilta rechèch li yo nan atik li a: « *Si les femmes haïtiennes comp-taient* ». Li louvri atik la avèk referans istorik li yo nan konsta Mireille Neptune Anglade, ki se yon ekonomis. Apresa, li ankouraje chèchè ak moun ki nan domèn lan pou yo mete plis chè sou refleksyon ansanm ak rechèch la apati kalite analiz, tankou pa ekonomis feminis Marylin Waring, paske travay rechèch ak entèvansyon M. Waring fè nan divès peyi, sanble pote enspirasyon pou li. Otè atik la devlope analiz li yo apati nouvo eleman ki soti nan de dokiman: *le Recensement général de l'agriculture et la Politique de développement agricole 2010-2025 du ministère de l'Agriculture, des Ressources naturelles et du développement rural (MARNDR)*. Li jwenn ladan agiman pou klarifye kèk pwoblematik epi pwopoze kèk lide pou kontinye rechèch la.

Pou nou fini, nou ap siyale travay yon ekip ki sou kont pwofèsè Bénédique Paul, ki ap prezante yon etid ki genyen kòm tèm « *Femmes et développement économique en Haïti* », ki baze sou rezilta rechèch sou kondisyon fanm nan antreprenarya an Ayiti. Otè atik la se: **Nedjée Mauconduit, Etzer S. Emile** ak Bénédique Paul. Pandan yo ap kritike limit ki genyen nan mikwofinans lan, epi mande pou tout moun pi reyalis, otè yo bay gouvènman an, sektè prive a ak sosyete sivil la kèk rekòmandasyon pratik ki kab sèvi imedyatman.

Tout sa ki rete pou nou fè, se di otè yo mès pou kontribisyon yo ki trè itil epi ki plis pase sa nou bibliye nan revyi a. Nou ap di mès pou tout efò tout moun fè pou patisipe nan nimewo sa a, epi nou ap ankouraje otè ki deja oubyen ki santi yo konsène yo pou yo kontinye ak etid epi rechèch yo sou kondisyon lavi fanm yo, ki se yon pwoblèm ki gen dan. Nou ap pwofite voye yon pawòl remèsiman pou manm Komite editoryal yo ki manifeste enterè yo nan divès fason. Se tout kontribitè sa yo, sila yo ki ekri, men tou sila yo ki li atik yo, ki se vrè aktè preparasyon refleksyon pou aksyon nan enterè yon Ayiti tou nèf. ■

**Kerline Joseph, Ph. D.**, chèchè asosye nan espas rechèch sou imigrasyon, etnisite ak sitwayèn (CRIEC an franse) anndan Universite du Québec nan Montréal / Ko-prezidan komite Leta, gouvènans ak jisitis ( Groupe refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou nèf (GRAHN). [jkline@hotmail.fr](mailto:jkline@hotmail.fr)

**Adeline Magloire Chancy, M.A.**, ansyen minis Kondisyon fanm ak Dwa fanm epi Konsiltan Nasyonal pou rekasyon Rapò Ayiti sou aplikasyon Konvansyon pou eliminasyon tout fòm diskriminasyon kont fanm yo. [adchancy@hotmail.com](mailto:adchancy@hotmail.com)